

Enfòmasyon Enpòtan Anvan Pwosedi a **Tanpri Repase yo 1 semèn anvan pwosedi ou an**

Anplasman	Capital Digestive Care gen anpil biwo lokal ak sant andoskopi, epi kèk nan yo tou pre anpil youn ak lòt. Sèvi ak planifikasyon pou anvan pwosedi a ak fich konsèy ki atache yo pou ede ou rive nan bon kote a ak nan bon lè a. <ul style="list-style-type: none"> • Pasyan sant andoskopi yo dwe rive 45 minit alavans, epi pasyan lopital yo 1 èdtan alavans pou akonpli aktivite admisyon yo pou pwosedi ou an.
Sekirite pou COVID	Tanpri vizite paj sekirite pou COVID sou sit entènèt nou an nan www.capitaldigestivecare.com . Pasyan ki vin gen sentòm COVID yo ant lè yo pran randevou yo a ak dat pou pwosedi a dwe kontakte klinik nou an.
Medikaman yo	Pale avèk doktè ou konsènan nenpòt medikaman oswa sipleman ou pran regilyèman. Piga sispann okenn medikaman sou preskripsyon sòf si doktè ki preskri ou an ba ou lòd pou fè sa.

Règleman Jeneral yo:

Transpò	Gen kèk aktivite, tankou kondi, ki pa otorize nan èdtan yo ki apre pwosedi ou an. Fè aranjman pou yon moun ba ou woulib, yon moun ki ka pran responsablite pou swen ou (laj plis pase 18 lane). Li dwe rive tousuit 1 èdtan apre lè pwosedi ou an, men pa pita pase 4:30 pm. Sèvis transpò yo, tankou Uber, Lyft, sèvis taksi, elatriye pa otorize.
Anilasyon	Kabinè nou an mande notifikasyon anilasyon oplita nan senk (5) jou ouvrab, otreman, gen yon frè \$150 ki pral aplike.

Preparasyon ou an mande restriksyon alimantè ki annapre la yo: REJIM ALIMANTÈ LIKID KLÈ apre 11:00 pm lavèy pwosedi ou an.

Preparasyon sa a mande pou ou swiv yon rejim alimantè likid klè apre 11:00 pm lavèy pwosedi ou an. Swiv direktiv yo pou lè ou dwe kòmanse ak lè pou sispann preparasyon ou an.

Si ou pa swiv direktiv yo, sa gendwa lakòz anilasyon pwosedi ou an – se pou sekirite ou.

Otorize avèk yon rejim alimantè likid klè*: Dlo, Ji pòm, ji rezen blan ak kranberi blan, bouyon, te, kafe (san lèt, san krèm ni ranplasan lèt oswa krèm). Jell-O, Glas Italyen, soda, popsicle. (*okenn nan sa yo pa ka gen koulè wouj, jòn abriko oswa vyolèt, ni yo pa dwe gen chè fwi.)

PA konsome:

- Likid oswa pwodui koulè wouj, jòn abriko, oswa vyolèt.
- Lèt, krèm oswa ranplasan ki pa abaz lèt (tankou krèm atifisyèl, soya oswa lèt abaz nwa).
- Ji ki gen chè (sètadi ji zoranj, chadèk, anana, tomat ak V-8) oswa pwodui ji jele ki gen chè.
- Manje solid ant 11:00 pm lavèy pwosedi ou an jiska apre pwosedi ou an.

√ **5 JOU ANVAN PWOSEDI A:**

- Se dènye jou pou anile pwosedri ou an san sa pa lakòz yon frè pou anilasyon anreta, dapre règleman.
- Si w ap pran siplemman fè, sispann yo jiskaske pwosedri ou an fini.

NAN JOU <u>ANVAN</u> PWOSEDI A		
11:00 pm	<ul style="list-style-type: none"> • Pasyan yo pa ka pran okenn manje solid apre 11:00 pm nan lannwit anvan pwosedri a. • Ou dwe bwè likid klè sèlman apati 11:00 pm jiska 3 èdtan anvan pwosedri a. • Pa konsome anyen nan bouch 3 èdtan anvan lè pwosedri ou an. Gade anba a pou jwenn eksepsyon pou medikaman yo. SI OU MANJE OUBYEN BWÈ NAN PERYÒD 3 ÈDTAN SA A, PWOSEDI A KAPAB RANVWAYE OUBYEN ANILE. 	
PA KONSOME APATI 11:00 PM LAVÈY PWOSEDI OU AN JISKA APRE PWOSEDI OU AN <ul style="list-style-type: none"> • Manje solid. 	OTORIZE LAVÈY PWOSEDI OU AN EPI APRE SA, SÈLMAN ANT 11:00 PM AK 3 ÈDTAN ANVAN PWOSEDI OU AN <ul style="list-style-type: none"> • Likid: Dlo, Ji pòm, ji rezen blan ak kranberi blan, bouyon, te, kafe (san lèt, san krèm ni ranplasan lèt oswa krèm) soda, Kool-Aid, Gatorade. • Jell-O, Glas Italyen, popsicle. 	PA KONSOME ANT 11:00 PM AK 3 ZÈDTAN ANVAN PWOSEDI OU AN <ul style="list-style-type: none"> • Likid oswa pwodui koulè wouj, jòn abriko, oswa vyolèt. • Lèt, krèm oswa ranplasan ki pa abaz lèt (tankou krèm atifisyèl, soya oswa lèt abaz nwa). • Ji ki gen chè (sètadi ji zoranj, chadèk, anana, tomat ak V-8) oswa pwodui ji jele ki gen chè. • Manje solid.

NAN <u>JOU</u> PWOSEDI A	
Medikaman yo	<ul style="list-style-type: none"> • Pran medikaman ou pou tansyon, Parkinson, kriz oswa opresyon. Tanpri pran medikaman sa yo 3 èdtan oswa plis anvan lè kòmansman pwosedri a epi avèk sèlman yon ti gòje dlo. • Si yon doktè te preskri yon inalèt pou ou pou opresyon, pote l avèk ou nan pwosedri a.
Lèt Machaswiv	<ul style="list-style-type: none"> • Pote ID foto ou, kat asirans ou yo ak ko-peman, si sa nesèsè. • Mete rad ki konfòtab. Pa mete bijou ni pa pote bagay ki gen anpil valè. • Pa mete pafen ni losyon.

Dat pwosed	
Lè pwosed	
Lè pou rive	
Non ak adrès kote	
Non moun k ap bay woulib pou mennen ou lakay ou	
Relasyon	
Nimewo telefòn	